

GID RAPID POU TRAVAYÈ KI BLESE

Ou te blese nan travay. Kisa pou fè kounye a?

Si w te blese oswa malad nan yon espas travay, ou gendwa elijib pou avantaj asirans dedomajman pou aksidan nan travay. Ou ka te resevwa swen deja. Si w poko, ou ta dwe ale kay doktè san pèdi tan.

Pou jwenn èd ak reklamasyon w lan, rele **Komisyon Asirans Dedomajman pou Aksidan nan Travay (Komisyon)** la nan **(877) 632-4996**.

RESPONSABLITE OU YO

- Ekri konpayi w la pou bay detay sou ki lè, ki kote ak ki jan ou te blese oswa vin malad. Fè sa san pèdi tan nan espas 30 jou apre blesi oswa maladi a. Pa voye mesaj tèks; pito ou voye yon lèt, imèl oswa yon lòt dokiman yo kapab anrejistre oswa enprime.
- Di pwofesyonèl swen sante w yo ou gen yon blesi oswa yon maladi ou pran nan travay la epi bay non konpayi asirans dedomajman pou aksidan nan travay konpayi w la. Si w pa konnen non konpayi asirans konpayi w la, mande konpayi w la oswa kontakte Komisyon an tousuit. Pwofesyonèl swen sante w la pral depoze rapò medikal yo nan Komisyon an oswa nan konpayi w la oswa konpayi asirans li yo. Fòk yo depoze yon rapò medikal pou ka jwenn avantaj ou yo.
- Depoze yon fòm **Reklamasyon Anplwaye (Fòm C-3)** pou siyale blesi oswa maladi w la bay Komisyon an san pèdi tan. Ou dwe enfòmè Komisyon an sou blesi oswa maladi w la nan espas de (2) lane. Si w te blese menm pati a nan kò w deja, oswa ou te gen menm maladi a, ou dwe depoze tou yon fòm **Otorizasyon Limite pou Bay Enfòmasyon Sante (Fòm C-3.3)**. **Nan zafè asirans dedomajman pou aksidan nan travay, yo pa konsidere sitwayènte w ak sityasyon w ak imigrasyon.**

Fason pou fè yon reklamasyon

Metòd ki pi rapid: Ale sou wcb.ny.gov epi chwazi “File a Claim (Fè yon Reklamasyon).”

Pou poze kesyon sou fason pou depoze yon **Fòm C-3**, oswa pou resevwa yon kopi fòm lan, tanpri rele nan **(877) 632-4996**. Yon reprezantan Komisyon an pral ede ou.

FRÈ MEDIKAL AK FRÈ DEPLASMAN

Swen doktè pou trete blesi oswa maladi ou pran nan travay la se yon avantaj asirans dedomajman pou aksidan nan travay yo ba w gratis ti cheri. Konpayi asirans dedomajman pou aksidan nan travay konpayi w la peye pwofesyonèl swen sante w la frè medikal pou blesi oswa maladi w la dirèk. Si konpayi asirans lan refize dosye w la, y ap peye pwofesyonèl swen sante yo si Komisyon an deside dosye w la an favè ou. Men, si Komisyon an pran desizyon kont ou, oswa si w pa kontinye yon dosye, ou pral oblije peye pwofesyonèl swen sante a oswa lopital la (oswa soumèt fakti a (yo) bay pwòp konpayi asirans sante pa w la).

Konpayi asirans dedomajman pou aksidan nan travay konpayi w la ap garanti medikaman ak ekipman ki nesèsè pwofesyonèl swen sante w la preskri yo. Yo ka ranbouse w depans ou fè pou kantite milyaj, transpò piblik oswa lòt depans ki nesèsè lè w ap deplase pou al pran swen. Soumèt depans sa yo (mete resi yo si w genyen) bay konpayi asirans dedomajman pou aksidan nan travay konpayi w la ak Komisyon an sou yon fòm **Dosye Medikal ak Depans pou Deplasman ak Demann Ranbousman Demandè (Fòm C-257)**.

An jeneral, ou kapab chwazi nenpòt pwofesyonèl swen sante Komisyon an otorize. Ou kapab chèche yon pwofesyonèl swen sante ki gen otorizasyon grasa fonksyonalite “Health Care Provider Search (Rechèch Pwofesyonèl Swen Sante)” la sou wcb.ny.gov. Ou kapab itilize klinik sante nan travay yo tou. Men, si konpayi asirans dedomajman pou aksidan nan travay konpayi w la gen yon Òganizasyon Pwofesyonèl Swen Sante li Prefere (Preferred Provider Organization, PPO) pou pran swen blesi ki rive nan travay, ou dwe jwenn tretman nan rezo PPO a anvan. Si konpayi asirans lan gen yon famasi oswa yon rezo dyagnostik tou, ou dwe resevwa sèvis anndan rezo famasi sa yo. Konpayi asirans lan dwe di w rezo pwofesyonèl swen sante li egzije yo ak fason pou itilize yo. Men, si gen yon ijans, ou kapab al wè nenpòt pwofesyonèl swen sante.

GID RAPID POU TRAVAYÈ KI BLESE

AVANTAJ POU SALÈ KI PÈDI

Ou gen dwa pou jwenn yon pati nan salè ou pèdi a. Yo dwe peye w li lapoula, si blese ou maladi w la afekte ou nan youn ouwa plizyè nan fason sa yo:

1. Li anpeche w travay pandan plis pase sèt (7) jou sivil;
2. Yo detèmine gen yon pati nan kò ou ki enfim pou toutan; ak/oswa
3. Yo diminye salè ou paske ou travay mwens èdtan ouwa ou fè lòt travay kounye a.

Aprè gerizon blese ouwa maladi w la ak lè yo pa prevwa okenn plis amelyorasyon medikal (nòmman yon lane apre dat aksidan/maladi a ouwa operasyon an, si yo te fè operasyon), ou kapab mande doktè w la evalue si aksidan/maladi w la te lakoz blese/pwoblèm pèmanan. Pou jwenn plis enfòmasyon sou avantaj sa a, tanpri ale sou wcb.ny.gov, klike sou seksyon “Workers (Travayè)” a, epi chwazi “Disability Classifications (Klasman Andikap).”

Ou ka pran yon avoka ouwa yon reprezantan ki gen otorizasyon pou ede w ak reklamasyon w lan, men li pa nesèsè. Ou menm ouwa fanmi w pa ta dwe peye avoka w la ouwa reprezantan ou bay otorizasyon an dirèk. Komisyon an apwouve frè yo a epi yo retire li nan rekonpans pou salè ou pèdi a.

Si yo refize dosye w la, ou ka resevwa avantaj pou andikap pandan Komisyon an ap egzamine dosye a. Pou jwenn yon fòm **Avi ak Prèv Reklamasyon pou Avantaj pou Andikap (Fòm DB-450)**, ale sou wcb.ny.gov; rele Komisyon an pou jwenn èd; ouwa ale nan biwo Komisyon an. Si yo rezoud dosye a an favè ou, y ap retire avantaj pou andikap la nan rekonpans pou salè ou pèdi a.

KI PWOCHEN ETAP LA?

Konpayi asirans dedomajman pou aksidan nan travay la ap kontakte ou. Si yo aksepte reklamasyon w lan, y ap peye pwofesyonèl swen sante w yo, epi avantaj pou salè ou pèdi a ap kòmanse. Si dosye w la bezwen yon odyans, Komisyon an pral kontakte ou. Gen resous an liy ki disponib pou fè pwosesis odyans lan pi fasil:

- **eCase:** Ou kapab mete epi gade dokiman ki gen rapò ak dosye yo an liy avèk sistèm eCase Komisyon an. Yo itilize li pou yo trete reklamasyon pou travayè ki blese yo. Ou dwe enskri pou eCase sou wcb.ny.gov.
- **Odyans Vityèl:** Ou gen chwa pou ale nan odyans yo san w pa deplase vin nan yon biwo Komisyon an lè w itilize odyans vityèl yo. Jwenn plis enfòmasyon sou odyans vityèl yo, ak aplikasyon gratis Komisyon an, sou wcb.ny.gov/virtual-hearings.

GEN ÈD KI DISPONIB

Pafwa, ou bezwen èd pou retounen nan travay. Konpayi w la ka gen lòt travay ouwa djòb ki pa twò di ki pèmèt ou travay pandan w ap geri. Yon blese ouwa maladi kapab lakoz pwoblèm nan fanmi ouwa pwoblèm lajan tou. Komisyon an gen konseye nan reyadaptasyon pwofesyonèl ak travayè sosyal ki pou ede w. Rele Komisyon an pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis ki disponib yo epi pou jwenn èd.

Si w pè pou pa adikte ak medikaman doulè ki gen opyoyid, tanpri rele NYS OASAS HOPELine (Liy Espwa Biwo Sèvis pou Moun ki Bwè Alkòl ak Konsome Sibstans) nan **877-8-HOPENY (877-846-7369)**.

Enfòmasyon pou Pran Kontak ki Enpòtan

Komisyon Asirans Dedomajman pou Aksidan nan Travay	(877) 632-4996	claims@wcb.ny.gov
		wcb.ny.gov

New York State Workers' Compensation Board
PO BOX 5205
Binghamton, NY 13902-5205



Workers'
Compensation
Board



Ranpli fòm sa a pou aplike pou resevwa avantaj aksidan travay yo paske ou genyen yon blezi oswa maladi ki gen rapò ak travay lan. Tape oswa ekri klè. Ou ka ranpli fòm sa a tou anliy sou www.wcb.ny.gov.

Nimewo Dosye WCB (si ou konnen li): _____

A. ENFÒMASYON OU YO (Anplwaye)

1. Non: _____ 2. Dat Nesans: ____ / ____ / ____
Non Inisyal Dezyèm Prenon Siyati

3. Adrès Postal: _____
Nimewo ak Ri/Bwat Postal/Nimewo Apatman Vil Eta Kòd Postal

4. Nimewo Sekirite Sosyal: ____ - ____ - ____ 5. Nimewo Telefòn: (____) _____ 6. Sèks: G F X

7. Èske w ap bezwen yon tradiktè si ou dwe patisipe nan yon odyans Komite a? Wi Non Si wi, pou ki lang? _____

B. KONPAYI TRAVAY OU AN (YO)

1. Konpayi lè ou te blese a: _____ 2. Nimewo Telefòn: (____) _____

3. Adrès travay ou an: _____
Nimewo ak Ri Vil Eta Kòd Postal

4. Dat yo te ba ou travay la: ____ / ____ / ____ 5. Non Sipèvizè ou an: _____

6. Enimere non ak adrès tout lòt konpayi (yo) nan moman aksidan an/maladi ou an? _____

7. Èske ou te pèdi lè nan travay ou an (yo) poutèt blezi oswa maladi ou an? Wi Non

C. TRAVAY OU AN nan dat ou an blese a oswa vin malad lan

1. Kisa ki te tit travay ou an oswa deskripsyon an? _____

2. Kijan kalite aktivite ou te konn fè nòmalman nan travay sa a? _____

3. Ki travay ou te konn fè? (kwoche youn) Tan Konplè Tan Pasyèl Sezonye Volontè Lòt: _____

4. Ki kantite lajan ou jwenn (anvan taks) pou chak peryòd peman? _____ 5. Chak kilè yo peye ou? _____

6. Èske ou te resevwa lojman oswa lòt konsèy sou peman ou a? Wi Non Si ou reponn wi, dekri: _____

D. BLEZI OU AN OSWA MALADI OU AN

1. Dat blezi a oswa dat maladi a kòmanse: ____ / ____ / ____ 2. Moman blezi a: _____ AM PM

3. Ki kote ou te blese a/vin malad lan? (pa egzanp, 1 Gran Ri, Pottersville, devan pòt prensipal la) _____

4. Èske sa se te kote abityèl ou konn travay? Wi Non Si ou reponn non, poukisa ou te nan kote sa a? _____

5. Kisa ou t ap fè lè ou te blese oswa vin malad la? (pa egzanp, dechaje yon kamyon, ekri yon rapò) _____

6. Kijan ou te fè blese/oswa vin malad (pa egzanp, mwen bite sou yon tiyo epi mwen tonbe atè) _____

7. Eksplike tout detay sou kijan ou te fè blese a/vin malad lan, enimere pati nan kò ou yo ki pran chòk (pa egzanp, mwen vire chevi mwen epi fontenn mwen blese): _____



NON OU

Non

Inisyal Dezyèm Prenon

Siyati

DAT OU TE BLESE/VIN MALADI LAN:

/ /

D. BLESI OSWA MALADI OU AN *suit*

8. Èske yon objè (pa egzanzp, machin pou leve chaj, mato, asid) te nan aksidan an/maladi a? Wi Non Si ou reponn wi, kisa? _____
9. Èske aksidan an se rezilta itilizasyon oswa operasyon yon otomobil ki gen lisans? Wi Non
Si ou reponn wi, nimewo plak Imatrikilasyon machin ou an machin konpayi an lòt machin (si ou konnen li): _____
Si machin ou an enplike, bay non ak adrès konpayi asirans machin ou an: _____
10. Eske ou te mete konpayi (oswa sipèvizè) ou an okouran sou aksidan an/maladi a? Wi Non
Si ou reponn wi, èske se _____ nan bouch alekri ou te fè konnen sa Dat ou te fè konnen sa a: ____/____/____
11. Èske gen moun ki te wè kijan ou fè blese a? Wi Non Pa konnen Si ou reponn wi, bay non moun yo: _____

E. RETOUPEN NAN TRAVAY

1. Èske ou te sispann travay paske ou blese a oswa vin malad lan? ____/____/____ Wi, nan ki dat? Non, ale nan Seksyon F lan.
2. Èske ou te retounen al travay? Wi Non Si ou reponn wi, nan ki dat? ____/____/____ dwa regilye dwa limite
3. Si ou te retounen travay, poukiyès w ap travay kounye a? Menm konpayi an Nouvo konpayi Travayè endepandan
4. Ki peman debaz ou (anvan taks) pou chak peryòd peman? _____ Chak kilè yo peye ou? _____

F. TRETMAN MEDIKAL POU BLESI OSWA POU MALADI SA A

1. Ki dat ou te fè premye tretman ou an? ____/____/____ Poko resevwa (sote kesyon F-5) lan
2. Èske you te trete ou sou plas? Wi Non
3. Ki kote ou te premye resevwa swen medikal anbilatwa yo pou blezi a/maladi an? pa resevwa Sal Ijans
 Biwo doktè Klinik/Lopital/Swen Ijans Sejou nan Lopital plis pase 24 èdtan
Non ak adrès kote you te premye trete ou an: _____
Nimewo Telefòn: () _____
4. Èske ou toujou ap pran swen pou aksidan/maladi sa a? Wi Non
Bay non ak adrès doktè a (yo) k ap trete ou an pou aksidan/maladi sa a. _____
Nimewo Telefòn: () _____
5. Èske ou te fè yon lòt aksidan nan menm kote a, oswa yon maladi ki sanble ak sa? Wi Non
Si ou reponn wi, èske se yon doktè ki te trete ou? Wi Non Si ou reponn wi, bay non ak adrès doktè a (yo) ki te trete ou an epi
RANPLI AK VOYE FÒM C-3.3 ANSANM AK FÒM SA A NAN KOURYE LAPÒS:

6. Èske ansyen blezi/maladi an ki te gen rapò ak travay lan? Wi Non
Si ou reponn wi, èske ou t ap travay pou menm konpayi w ap travay pou kounye a? Wi Non

M ap fè yon reklamasyon pou avantaj yo selon Lwa Konpansasyon Travayè yo. Siyati mwen konfime enfòmasyon mwen bay yo se verite epi yo egzakt selon sa mwen konnen ak kwè.

Nenpòt moun ki fè espere ak tout ENTANSYON POU FÈ FWOD ki prezante, oswa fè prezante, oswa prepare avèk konesans oswa kwè yo pral prezante li bay yon konpayi asirans oswa konpayi k ap jere asirans, nenpòt enfòmasyon ki nenpòt FO DEKLARASYON MATERYÈL oswa ki kache nenpòt ki verite, Y AP KOUPAB KONSÈNAN YON KRIM epi yo ka peye YON GWO AMANN EPI PRAN PRIZON pou sa.

Siyati Anplwaye a: _____ Non an lèt Detache: _____ Dat: ____/____/____

Nan non Anplwaye a: _____ Non an lèt Detache: _____ Dat: ____/____/____

Yon moun ka siyen sou non anplwaye a sèlman si li gen otorizasyon legal pou fè sa epi anplwaye a se yon minè, ki gen pwoblèm mantal oswa ki pa gen kapasite.

Mwen konfime dapre sa mwen konnen, enfòmasyon mwen genyen ak sa mwen kwè, ki te fòme apre yon bon ankèt nan sikonstans yo, akizasyon yo ak lòt fè reyèl yo deklare pi wo a gen sipò reyèl sou prèv, oswa gen chans pou yo gen sipò reyèl prèv oswa genyen posiblite pou yo fè lòt envestigasyon oswa dekouvé.

Siyati Avoka a/Reprezantan an (si genyen) _____ Dat: ____/____/____

Ekri Non ak Lèt Detache: _____ Tit: _____

Nimewo Idantifikasyon, (si genyen) R _____ Si Reprezantan an Otorize, Nimewo Lisans lan: _____ Dat Ekspirasyon: _____

Enstriksyon pou Ranpli Revandikasyon Anplwaye a (Fòm C-3)

Tanpri ranpli fòm sa a epi voye li nan adrès postal santralize Komite Konpansasyon Travayè an ki enimere nan fen enstriksyon sa yo. Si ou bezwen lòt èd pou ranpli fòm sa a, kontakte Komite Konpansasyon Travayè an nan **1-877-632-4996**. Ou kapab ranpli fòm sa a tou anliy sou **wcb.ny.gov**. Si ou pa genyen oswa pa konnen Nimewo Dosye Komite Konpansasyon Travayè an, tanpri pa ekri anyen nan espas sa a. Li pa obligatwa pou trete reklamasyon ou an. Sonje antre non ou ak dat blesi/maladi ou an nan tèt dezyèm paj lan.

Seksyon A - Enfòmasyon ou yo (Anplwaye):

Nan Seksyon A, antre non ou, adrès ak lòt enfòmasyon yo mande yo.

Nòt sou Pwen 7 lan: Yo fè odyans Komite yo nan lang anglè. Si ou genyen bezwen yon tradiktè, seleksyone **Wi** epi di nan ki lang ou bezwen li.

Notifikasyon Dapre Lwa Pwoteksyon Enfòmasyon Prive New York lan (Atik 6-A Lwa sou Anplwaye Piblik yo) ak Lwa sou Lavi Prive lane 1974 (5 U.S.C. § 552a).

Dirijan Komite Konpansasyon Travayè a (Komisyon) mande moun ki fè reklamasyon yo pou yo bay enfòmasyon pèsonèl, tankou nimewo sekirite sosyal yo, ki baze sou pouvwva envestigasyon Komite a genyen dapre Lwa Konpansasyon Travayè (Workers' Compensation Law, WCL) § 20, ak dirijan administratif li yon selon WCL § 142. Yo kolekte enfòmasyon sa a pou ede Komite an fè ankèt ak jere reklamasyon yo nan fason ki plis rapid lan epi ede li jere dosye reklamasyon yo egzak. Li pa obligatwa pou bay Komite an nimewo sekirite sosyal ou an. Pa genyen okenn sanksyon si ou pa bay nimewo sekirite sosyal ou an sou fòm sa a, li p ap lakòz yo rejte reklamasyon ou an oswa redwi nan avantaj yo. Komite an pral pwoteje tout enfòmasyon pèsonèl li genyen yo, l ap devwale yo sèlman nan kad fonksyon ofisyèl li yo epi dapre lwa eta ak federal ki aplikab yo.

Seksyon B - Konpayi ou an (yo):

Nan seksyon B an, antre non an, adrès, nimewo telefòn ak lòt enfòmasyon konpayi ou te travay nan moman ou te blese/malad lan.

Remak: Patwon ou an se konpayi oswa ajans ki ba ou chèk peman ou an. Si ou se yon kontraktè ki sou teren oswa nan yon biwo, ajans rekritman oswa vandè ki te ba ou travay lan se patwon ou an, se pa espas travay lan oswa biwo kote ou prezante pou travay lan.

Seksyon C - Travay ou te genyen nan Dat ou te Blese a oswa Malad lan:

Nan seksyon C an, antre tit travay ou an, aktivite ou fè ak enfòmasyon ki gen rapò ak peman.

Seksyon D - Blesi ou an oswa Maladi ou an:

Nan Seksyon D an, antre enfòmasyon sou blesi ou an oswa maladi ou an.

Pwen 1: Antre dat ou te blese an oswa premye jou ou te remake ou te malad lan.

Si sa a se yon maladi oswa maladi ki gen rapò ak travay, sote pwen 2 an. Dat ou te blese dwe nan fòm mwa/jou/ane. Ane dwe ekri ak kat (4) chif, pa egzanp 2015.

Pwen 2: Antre lè ou te blese a. Kwoche AM si se te nan maten oswa PM se te nan apre midi oswa aswè.

Pwen 3: Di ki kote ou te blese/tonbe malad lan, tankou adrès bilding lan ak anplasman fizik andedan bilding lan kote ou te rive blese/tonbe malad lan.

Pwen 4: Kwoche si se zòn ou konn abitye travay ladan li. Si se pa la ou konn travay, eksplike poukisa ou te ale nan zòn sa a.

Pwen 5: Detaye sa ou t ap fè nan moman ou te rive blese a oswa tonbe malad lan (pa egzanp desann bwat nan yon kamyon alamen).

Sa a eksplike aktivite ki mennen nan blesi a:

Pwen 6: Detaye kijan ou te rive blese a oswa tonbe malad lan (pa egzanp mwen t ap leve yon bwat ki lou nan yon kamyon). Sa a dwe rantrè tout moun ak aktivite ki enplike nan blesi a oswa maladi an.

Pwen 7: Di nan yon fason ki konplè nati ak degre blesi/maladi an, mete tout pati ki blese nan kò a. Ou dwe presi nan mezi ou kapab (pa egzanp mwen te gen doule nan pandan mwen t ap eseye leve yon bwat ki lou. Sa fè mala lè pou panche oswa kenbe bagay ki menm lejè kounye a).

Pwen 8: Di si gen kèk objè ki te enplike nan aksidan an **apa** yon machin ak motè ki gen plak. Lòt objè yo kapab genyen ladan yo yon zouti (pa egzanp yon mato), yon pwodui chimik (pa egzanp asid), machin (pa egzanp, machin pou leve chaj oswa machin pèforatè), elatriye.

Pwen 9: Di si gen yon machin ak motè ki gen plak ki te enplike nan aksidan an. Si ou reponn wi, kwoche si machin ak motè ki te enplike an se te machin pa ou li te ye, pou patwon ou, oswa yon lòt moun. Mete nimewo plak lan (si ou konnen li). Si machin ou an te enplike, bay non ak adrès konpayi asirans machin ou an ki la pou fè dedomajman yo.

Pwen 10: Kwoche si ou te pale ak patwon ou (oswa sipèvizè) ou an sou aksidan an oswa maladi a. Si wi, di ki moun ou te di sa a epitou si se te nan bouch oswa alekri. Mete dat ou te di sa a.

Pwen 11: Kwoche si genyen yon lòt moun ki te wè lè ou te blese a. Si genyen lòt moun ki te wè sa, rantrè non an (yo).

Seksyon E - Retounen nan Travay:

Pwen 1: Si ou te kanpe nan travay poutèt blesi/maladi ki gen rapò ak travay lan, kwoche Wi epi di nan ki dat ou te kanpe nan travay lan. Si ou pa kanpe nan travay lan, kwoche Non epi sote ale nan lòt seksyon an.

Pwen 2: Si ou gentan retounen nan travay depi lè a, kwoche Wi. Epitou di nan ki dat ou te kòmanse travay ankò, ak si ou te retounen nan Plas Nòminal Travay ou oswa si ou te gen Restriksyon nan Sa ou Gen pou Fè. (Si ou pa te retounen nan plas nòminal travay ou te gen avan ou te blese a oswa tonbe malad lan, alò ou gen Restriksyon nan Tach ou konn abitye fè yo.)

Pwen 3: Si ou te retounen travay, di poukiyès w ap travay kounye a.

Pwen 4: Antre salè brit ou an (avan yo retire taks ladan li) pou chak peryòd yo peye nan travay ou ye kounye a. Di chak kilè yo peye (chak semèn, chak de (2) semèn, elatriye.)

Seksyon F - Tretman Medikal pou Blesi oswa pou Maladi:

Pwen 1: Si ou pa te resevwa okenn tretman medikal oswa maladi sa a, kwoche None Received (Pa Resevwa) epi sote ale nan pwen 5 lan. Otreman, antre dat ou te premye resevwa tretman pou blesi oswa maladi sa a epi ranpli rès seksyon sa a.

Pwen 2: Kwoche si ou te resevwa tretman an premye nan travay lan pou blesi sa a oswa maladi sa a.

Pwen 3: Kwoche anplasan ou te premye resevwa yon tretman medikal ki deyò espas lan pou blesi oswa maladi sa a. Mete non ak adrès sant lan menm ak nimewo telefòn (mete areya kòd).

Pwen 4: Si ou toujou ap resevwa yon tretman ki ankou pou menm blesi oswa maladi sa a, kwoche Wi epi di non ak adrès doktè k ap trete ou an epitou nimewo telefòn li (mete areya kòd); otreman, kwoche Non.

Pwen 5: Si ou te deja genyen yon blesi nan menm pati kò an oswa yon maladi ki sanblab, kwoche Wi epi di si ou te gen yon doktè ki te trete ou pou blesi oswa maladi sa a. Si ou te gen yon doktè ki te trete ou, bay non ak adrès doktè (yo) ki te trete ou epi **ranpli ak depoze Fòm C-3.3 ansanm ak fòm sa a.**

Pwen 6: Si ou te gen yon ansyen blesi oswa maladi, kwoche si ansyen blesi oswa maladi ou an gen rapò ak travay lan. Si ou reponn WI, kwoche si blesi an oswa maladi an te pase pandan ou t ap travay nan konpayi ou ye kounye a la.

Siyen Fòm C-3 an nan plas kote ki gen Siyati Anplwaye a ki nan paj 2 an, ekri non ou an lèt detache epi antre dat ou te siyen fòm lan. Si genyen yon lòt moun k ap siyen nan non anplwaye a, moun sa a dwe siyen sou dezyèm liy siyati an. Si ou gen yon avoka ki reprezante ou, reprezantan ou an dwe ranpli ak siyen seksyon sètifikasyon avoka/reprezantan ki anba paj 2 an.

Kisa Chak Anplwaye Dwe Fè nan Ka ki Gen Blesi oswa Maladi ki gen Rapò ak Travay

1. Menm kote a di patwon oswa sipèvizè kilè, ki kote epi kijan ou te fè blese a.
2. Ale chèche swen medikal tousuit.
3. Di doktè ou an pou depoze rapò medikal nan Komite a epi nan konpayi ou an oswa nan konpayi asirans li an (yo).
4. Ranpli demann konpansasyon an epi voye li nan Biwo Komite Aksidan Travay ki toupre a. (Gade pi ba a.) Si ou pa depoze nan espas de (2) lane aprè dat blesi an sa kapab fè yo rejte reklamasyon ou an. Si ou bezwen èd pou ranpli fòm sa a, telefòn oswa vizite Biwo Komite Aksidan Travay lan ki toupre an yo enimerè anba la.
5. Ale nan tout odyans yo lè yo di ou pou ou parèt.
6. Retounen nan travay otomatikman ou kapab; konpansasyon pa janm pi plis pase salè ou.

Dwa Ou Genyen:

1. Jeneralman, ou genyen dwa pou chwazi ki doktè ki po trete ou, akondisyon Komite a bay li otorizasyon. Si konpayi ou an fè yon aranjman ak yon òganizasyon ki gen pwofesyonèl swen sante prefere (preferred provider organization, PPO), ou dwe jwenn yon premye tretman nan men òganizasyon ki gen pwofesyonèl swen sante prefere yo te deziyen pou bay sèvis swen sante pou blesi ki gen rapò ak aksidan travay.
2. PIGA ou peye doktè oswa lopital lan. Se konpayi asirans lan ki pral peye fakti yo an si dosye ou an pa gen kontestasyon ladan li. Si gen kontestasyon nan dosye ou an, doktè a oswa lopital lan dwe rete tann peman jiskaskè Komite an decide sou dosye ou an. Si ou pa decide pou suiv dosye ou an oswa Komite a decide kont ou, ou pral gen pou peye doktè a oswa lopital lan.
3. Ou gen dwa tou pou yo ranbouse ou lajan medikaman, beki, oswa tout lòt aparèy doktè ou an te preskri ou ak lòt depans nesèsè yo pou ale ak retounen sòti nan biwo doktè a oswa nan lopital lan. (Pran resi pou depans sa yo.)
4. Ou genyen dwa pou resevwa konpansasyon si blesi ou an anpeche ou travay pou plis pase sèt (7) jou, oblije ou travay pou yon salè ki mwens, oswa pwovoke yon andikap pèmanan nan nenpòt pati ki gen nan kò ou.
5. Konpansasyon an y ap peye ou li dirèkteman epi san yo pa tann yon desizyon, sof yo konteste reklamasyon an.
6. Travayè ki blese yo oswa depandan travayè ki mouri yo kapab reprezante tèt yo nan litij ki ale devan Komite an oswa kapab fè apèl ak yon avoka oswa reprezantan kalifye ki pou reprezante yo. Si genyen sèvis yon avoka oswa reprezantan kalifye yo kenbe, frè sèvis legal yo Komite an pral revize epi si yo apwouve konpayi an oswa konpayi asirans lan apati alokasyon konpayi yo dwe bay lan. Travayè ki blese oswa depandan travayè ki mouri yo pa dwe peye avoka oswa reprezantan ki kalifye a epi ki reprezante yo an anyen dirèkteman nan yon dosye ki gen rapò ak konpansasyon.
7. Si ou gen bezwen èd pou retounen nan travay, oswa si ou gen pwoblèm famiyaloswa finansyè paske ou blese an, kontakte biwo Komite Aksidan Travay lan ki pi pre ou an epi mande pou jwenn yon konseye reyabilitasyon oswa yon travayè sosyal.

Fòm sa a dwe depoze pandan w ap voye li dirèkteman nan adrès ki enimerè anba la:

New York State Workers' Compensation Board

Centralized Mailing

PO Box 5205

Binghamton, NY 13902-5205

Nimewo Telefòn Gratis Sèvis Kliyantèl ak Reklamasyon: 877-632-4996



Nimewo Dosye WCB (si ou konnen li): _____

Bay Moun k ap fè reklamasyon an: Si ou te resewva tretman pou yon ansyen blese menm kote a oswa pou yon maladi ki sanblab ak sa ki te dekri nan Reklamasyon ou fenk a, ranpli fòm sa a. Fòm sa a pèmèt pwofesyonèl swen sante yo ou enimerè anba la bay konpayi asirans aksidan travay patwon ou an enfòmasyon sou ansyen blese ou an oswa ansyen maladi ou an. Lwa federal HIPAA (Lwa asirans sou responsabiltè ak Asirans Sante lane 1996) di ou genyen dwa pou resewva yon kopi fòm sa a. Si ou pa konprann sa ki nan fòm sa a, pale ak reprezantan legal ou an. Si ou pa genyen yon reprezantan legal, Defansè Travayè ki Blese yo ki nan Komite Konpansasyon travayè yo kapab ede ou. Rele: 800-580-6665

Bay Pwofesyonèl Swen Sante an: Yon **kopi** piblikasyon sa a respekte lwa HIPAA ki pèmèt ou pibliye enfòmasyon sou sante a. Si ou voye dosye yo bay konpayi asirans aksidan travay patwon ou an nan kad piblikasyon sa a, voye kopi ale tou nan kourye lapòs bay reprezantan legal moun k ap fè reklamasyon an. (Si pa genyen reprezantan legal ki enimerè anba la a, voye kopi yo bay Moun K ap Fè Demann lan.) Pwofesyonèl swen sante yo k ap pibliye dosye yo dwe respekte lwa eta New lan ansanm ak HIPAA.

Kominike sa a se:

- **Volontè.** Pwofesyonèl swen sante an (yo) dwe ba ou menm tretman an, tèm peman, ak avantaj, kit ou siyen oswa pa siyen fòm sa a.
- **Limite** Li bay pwofesyonèl swen sante ou an (yo) pèmèsyon pou pibliye sèlman dosye sante ki gen rapò ak ansyen maladi oswa pwoblèm ou dekri anba la a.
- **Tanporè.** Li kanpe nan moman reklamasyon pou konpansasyon ou genyen kounye a tabli oswa yo rejte li epi pa genyen lòt mwayen ankò.
- **Revokab.** Ou kapab anile piblikasyon sa a nenpòt lè ou vle. Pou anile, voye yon lèt bay pwofesyonèl swen sante an (yo) ki enimerè sou fòm sa a. Epitou, voye kopi lèt ou an bay konpayi asirans aksidan travay patwon ou an epi bay Komite Konpansasyon Travayè an. Remak: Ou p ap kapab anile piblikasyon dosye medikal yo deja fin pibliye.
- **Pou dosye yo sèlman.** Li bay pwofesyonèl swen ou an (yo) ki enimerè sou fòm sa a otorizasyon pou voye kopi dosye medikal ou yo ale bay konpayi asirans aksidan travay patwon ou an.

Fòm sa a PA pèmèt pwofesyonèl swen sante ou an (yo) pou pibliye kalite enfòmasyon sa yo:

- **Enfòmasyon Anrapò ak VIH**
- **Nòt sikoterapi**
- **Tretman pou Alkòl oswa Dwòg**
- **Tretman Sante Mantal** (sof si ou kwoche anba la)
- **Enfòmasyon vèbal** (pwofesyonèl swen sante ou yo pa kapab pale sou enfòmasyon sou sante ou ak pèsòn)

Nenpòt dosye medikal ki pibliye pral fè pati dosye konpansasyon travay epi ap rete konfidansyèl selon Lwa Konpansasyon Travayè yo.

A. ENFÒMASYON OU YO (Moun K ap Fè Reklamasyon an):

1. Non: _____
2. Nimewo Sekirite Sosyal: _____ - _____ - _____
3. Adrès Postal: _____
4. Dat Nesans: _____ / _____ / _____
5. Dat blese/maladi ou genyen kounye a: _____ / _____ / _____
6. Blese/maladi aktyèl, mete tout pati ki blese nan kò a: _____
7. Non ak adrès reprezantan legal ou an (si genyen): _____

*Kwoche la si ou te bay pwofesyonèl swen sante ou an (yo) otorizasyon pou pibliye enfòmasyon sou **sante mantal** ou an.*

B. PWOFSYONÈL SWEN SANTE OU AN (YO) (Enimerè tout pwofesyonèl swen sante ki te trete ou pou yon ansyen blese nan menm kote a oswa yon maladi ki sanblab. Si genyen plis pase 2 pwofesyonèl swen sante mete enfòmasyon kontak yo an sou fòm sa a.)

1. Pwofesyonèl Swen Sante: _____
2. Nimewo Telefòn: (____) _____
3. Adrès Postal: _____
4. Lòt pwofesyonèl swen sante (si genyen): _____
5. Nimewo Telefòn: (____) _____
6. Adrès Postal: _____

C. LI EPI SIYEN PI BA LA. Mwen mande pou pwofesyonèl swen sante an (yo) ki enimerè pi wo a bay konpayi asirans aksidan travay patwon mwen an kopi tout dosye sante ki gen rapò ak nenpòt ansyen blese/maladi yo, nan tout pati kò an, ki dekri anwo an.

Siyati Moun k ap fè reklamasyon an (lank sèlman itilize yon plim ble, si sa posib.) _____ Dat _____

Si moun k ap fè demann lan pa kapab siyen, moun k ap siyen nan non moun k ap fè reklamasyon an dwe ranpli ak siyen anba la.

Non ou _____ Relasyon ki gen ak Moun _____ Siyati an (lank sèlman itilize yon plim ble, si sa posib.) _____ Dat _____
k ap fè reklamasyon an

Eta New York
KOMISYON KONPANSASYON TRAVAYÈ

C-3.1

Avi pou Dwa pou Chwazi yon Founisè Swen Sante
ki Gen Otorizasyon Komisyon Konpansasyon Travayè

Non Anplwaye ki Pran Chòk la	Nimewo Sekirite Sosyal Anplwaye ki Pran Chòk la	Dat Aksidan an
Non ak Adrès Travay la		

Pou Anplwaye ki Pran Chòk la:

Pou tretman chòk oswa maladi ou pran nan travay ou, ou ka chwazi nenpòt doktè, podyat, kiwopraktè, oswa sikològ (avèk rekòmandasyon yon doktè otorize) ki jwenn otorizasyon Komisyon Konpansasyon Travayè, epi ki aksepte pasyan konpansasyon travayè.

Menmsi ou ka chwazi pou itilize yon rezo oswa yon founisè swen sante patwon ou oswa konpayi asirans konpansasyon travayè li rekòmande, oswa pou pèmèt patwon ou chwazi yon founisè swen sante sou non ou, nenpòt kilè, ou ka chanje founisè swen sante ou san ou pa riske reklamasyon avantaj konpansasyon travayè ou.

Siyati Anplwaye ki Pran Chòk la	Dat	Siyati Temwen	Dat
---------------------------------	-----	---------------	-----

Tanpri sonje: Li pa nesèsè pou ou siyen fòm konsantman sa a si patwon ou (i) patisipe nan yon òganizasyon founisè prefere ki sètifye (PPO) anba Atik 10-A Lwa sou Konpansasyon Travayè, oswa (ii) patisipe nan lòt kalite pwogram-pilòt rezolisyon konfli (ADR) anba Seksyon 25(2-c) Lwa sou Konpansasyon Travayè. Dapre pwogram obligatwa sa yo, sof nan sitiyasyon ijan, ou fèt pou jwenn omwen premye tretman pou nenpòt chòk oswa maladi nan konpansasyon travayè nan rezo (yo) sètifye oswa nan klinik founisè swen sante patwon ou deziyen.

Pou Patwon an:

Patwon an fèt pou bay anplwaye ki pran chòk ki gen non li endike anwo a yon kopi fòm siyen sa a, epitou patwon an fèt pou konsève fòm orijinal la nan dosye anplwaye a kote Komisyon Konpansasyon Travayè ka enspekte li nenpòt kilè. Yo pa fèt pou soumèt fòm sa a ba Komisyon Konpansasyon Travayè a ni yo pa fèt pou egzekite li anvan anplwaye a pran chòk oswa maladi sa a ki asosye avèk travay li.

Komisyon Konpansasyon Travayè a anplwaye ak sèvi moun ki gen andikap san diskriminasyon.

NOTIFIKASYON KONSÈNAN TRAVAYÈ' KONPANSASYON BENEFIS FAMASI

Tanpri, li avi sa ak anpil atansyon. Li bay ou ak enfòmasyon enpòtan sou trape medikaman anban reklamasyon konpansasyon yon travayè yo ak Fon Eta Nouyòk Asirans(NYSIF).

NYSIF te antre nan yon akò avèk CVS Caremark, se yon Manadjè Benefis Famasi (PBM), ki gen yon rezo nan famasi fè disponib medikaman travayè yo ka resevwa pou blese ki gen **rapò ak travay** yo oswa maladi. Sa pa chanje dwa ou jwenn medikaman ki nesèsè nan trete tankou yon maladi oswa aksidan. Li sèlman vle di ke ou **dwe** jwenn medikaman nesèsè ki soti nan famasi k ap patisipe nan rezo famasi CareComp administre pa CVS Caremark. Rezo sa a pa sèlman famasi CVS, men gen ladan plis pase 67,000 famasi ki patisipe. Famasi yo ak adrès yo ka jwenn nan:

- rele CVS Caremark rele sant la nan **(866) 493-1640**, oswa nimewo TDD pou si odyans lan gen pwoblèm nan **(866) 200-2161**
- Itilize sit entènèt la <https://nysif.wcrxportal.com/Pharmacy/Index>
- Itilize sit entènèt NYSIF la nysif.com/networkbenefits

Si wap jwenn medikaman ou a sou reklamasyon konpansasyon travayè, ou **dwe** jwenn medikaman yo nan yonn nan famasi sa yo sof si:

- Ou gen yon ijans medikal epi li pa rezonab posib pou achte medikaman ou bezwen pou ijans sa ki soti nan yon famasi rezo, oswa
- Kòmman pa Imèl oswa telefòn se pa yon opsyon nan rezo a, pa gen okenn famasi nan rezo a pral lage nou la a, epa youn nan famasi sa yo se nan yon delè 15 mil si wap viv nan zòn seksyon riral . Si ou kwè ke sa se pa pou ou, tanpri rele yonn nan nimewo ki anba paj sa a.

Tanpri note ke CVS Caremark gen lòd-lapòs, entènèt ak sèvis telefòn. Enstriksyon ka jwenn lew rele rele CVS Caremark rele sant la nan (866) 493-1640.

Tout famasi nan rezo a oblije kenbe yon estòk sifizan de medikaman nan men pou yo ka bay ou sèvis san tan pèdi soufrans.

Tout nan magazen famasi dwe louvri pou biznis pandan lè ki tipik nan kominotew la.

Famasi nan rezo a famasi CareComp voye bòdwo NYSIF dirèkteman. **Ou pap gen pou peye soti nan pòch ou depans pou medikaman.**

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou rezo famasi CareComp lèw rele nimewo pou apèl gratis, 24 èdtan nimewo telefòn: (866) 493-1640.

Siw gen nenpòt kesyon oswa pwoblèm, tanpri rele NYSIF nan (888) 875-5790. Ou ka kontakte komisyon konpansasyon travayè' Eta Nouyòk nan general_information@wcb.ny.gov oswa (877) 632-4996, oswa Defansè ou Dedomaje travayè nan (800) 580-6665. Ou kapab jwenn tou plis enfòmasyon lè ou vizite www.wcb.ny.gov.

SOUSKRIPTÈ – TANPRI POSTE MANIFESTEMAN



Enfòmasyon Travayè Tanporè Preskripsyon Sèvis ID Enfòmasyon Enpòtan

ATANSYON TRAVAYÈ BLESE

Travayè sa a Konpansasyon Fòm ID Tanporè Preskripsyon Sèvis DWE PREZANTE bay famasyen ou lè ou ranpli preskripsyon inisyèl ou(yo). Siw gen kesyon oswa si ou bezwen jwenn yon famasi patisipe, tanpri kontakte sèvis kliyan CVS Caremark 1-866-493-1640.

Famasyen/Anplwayè – Lè se fòm ranpli, faks nan CVS Caremark pral: 1-866-493-1644

Enfòmasyon demandè dwe ajoute pa CVS Caremark yo ki pèmèt medikaman nan pwosesis. Ka enfòmasyon sa a tou dwe telefone nan lè w rele 1-866-493-1640.

<p>Fon Asirans Eta Nouyòk</p> <p style="text-align: center;">Atansyon: Tout atis ki anba a dwe ranpli.</p> <p>Non Anplwayè :</p> <p>_____</p> <p>Nimewo NYSIF Anplwayè Règleman ak Konpansasyon Travayè:</p> <p>_____</p> <p>DAT BLESE: ____ / ____ / ____ (MWA/JOU/ANE)</p> <p>DAT NESANS TRAVAYÈ BLESE A:</p> <p>____ / ____ / ____ (MWA/JOU/ANE)</p> <p>TRAVAYÈ BLESE NIMEWO SEKIRITE SOSYAL:</p> <p>_____</p>	<p>Gwoup#: NYSIF</p> <p>Non Travayè Blese:</p> <p>_____</p> <p>Non Mitan Siyati</p> <p>TRAVAYÈ BLESE ADRÈS IMÈL:</p> <p>_____</p> <p>RI ADRÈS</p> <p>_____</p> <p>VIL, KÒD PÒSTAL</p> <p>_____</p> <p><i>Biwo Èd: Sa se yon pwogram POS nan CVS Caremark sèlman. Pou asirans rele nan CVS Caremark Ed biwo a nan 866.493.1640</i></p>
---	--


Atansyon Famasyen:

Pwogram preskripsyon NYSIF nan administre pa CVS Caremark. Tanpri swiv etap sa a yo ak aksyon ki nan lis anba a yo antre nan reklamasyon an. Etap sa yo oblije soumèt yon preskripsyon pou NYSIF moun kap fè reklamasyon.

Etap 1	Antre Nimewo Bin 610235
Etap 2	Antre PCN: TRAVAYÈ
Etap 3	ID: Nimewo Sekirite Sosyal Travayè Blese

OU BEZWEN ASISTANS?


Famasyen, si ou gen nenpòt kesyon pandan yap fè pwosesis reklamasyon w la, tanpri rele biwo a CVS Caremark Ed nan 1-866-493-1640.



Aplikasyon Mobil pou Reklamasyon

Ou vle verifie estati benefis ou a oswa reklamasyon konpansasyon travayè w la? NYSIF gen yon aplikasyon pou sa! Avèk aplikasyon mobil NYSIF Claim lan, ou ka jwenn aksè fasilman nan enfòmasyon nan tan reyèl sou reklamasyon w lan, tankou:

- Estati chèk yo ak peman yo
- Kowòdone jesyonè dosye a
- Estati reklamasyon an
- Pwochen odyans ak egzamen medikal yo



AMELYORASYON KOMINIKASYON, TRANSPARANS AK ANGAJMAN

Avèk aplikasyon mobil NYSIF Claim lan, ou ka fasilman fè travay administratif ki annapre yo:

- Lokalize nimewo reklamasyon an
- Konsilte istorik peman yo
- Konekte lòt reklamasyon NYSIF ak kont ou a
- Resevwa notifikasyon
- Jwenn aksè nan kat preskripsyon w lan
- Voye yon imèl bay jesyonè dosye w la
- Enskri nan sèvis depo dirèk la

ESKANE LA A



Telechaje aplikasyon mobil NYSIF Claim lan jodi a menm !

Pou plis enfòmasyon, vizite nysif.com



Pwogram Jesyon Reklamasyon ak Enfimyè yo



Pou sipòte w pandan pwosesis rekiperasyon w lan, yon enfimyè NYSIF ka kontakte w nan telefòn.

Pandan apèl sa a, yon enfimyè NYSIF ap ka gide w nan kèk enfòmasyon ki gen rapò ak tretman ou bezwen epi ede w idantifye resous ki disponib pou ou antanke yon anplwaye blese. Enfimyè NYSIF la ap ka eksplike w tou avantaj ki genyen nan itilizasyon aplikasyon mobil NYSIF Claim lan pou jwenn enfòmasyon sou reklamasyon konpansasyon travayè w la epi reponn nenpòt kesyon ou ka genyen.



Sante ou ak rekiperasyon ou se pi gwo priyorite nou, epi nou pa ka tann pou nou pale avèk ou.



Resevwa peman konpansasyon travayè
ou nan depo dirèk!

Depo Dirèk


New York State Insurance Fund

nysif.com

NYSIF ofri depo dirèk pou tout aplikan l yo pou yo ka resevwa konpansasyon pou aksidan ki rive yo nan travay yo. An kolaborasyon avèk enstitisyon finansyè pa w la, NYSIF kapab fè pèman dirèk sou kont ou labank. Ou ka menm chwazi pou pataje pèman w lan antre de (2) kont labank (an pousantaj).

KONDISYON NESESÈ POU TIP KONT AN BANK

Ou dwe depeze pèman pa w la sou yon kont Kouran oswa yon kont Epay. Konplete tout enfòmasyon yo mande w nan fòmilè depo dirèk la, mete nimewo kont labank ou avèk nimewo woutaj ou a (gade reprezantasyon an). Antre an kontrak ak bank ou a si ou ta nan bezwen asistans.



Nimewo Woutaj Nimewo Kont

ANILASYON

Akò sila a rete an vigè jiskaske l ànile. Pou ànilasyon kontra pa w la, ale vizite nysif.com, enskri sou sit la antan ke yon “aplikan” epi seleksyòne « Dezenskri nan depo dirèk ». An plis, ou ka ànile kontra w la lè w kontakte jestyònè NYSIF ka pa w la sou nysif.com a pati lyen rapid « Èd pou jwenn reklamasyon.» Akò sila a kapab ànile tou pa NYSIF oswa pa enstitisyon finansyè w la. Nan tou 2 ka yo, w ap kontinye resevwa chèk menm apre. Ànilasyon an kapab pran jouk rive 3 semenn avan l resi trete.

CHANJMAN NAN KONT OU

Ou responsab fè NYSIF konnen sa si gen nenpòt ki chanjman nan enfòmasyon kont labank ou an (chanjman nan nimewo kont, chanjman bank, elatriye). Pou avèti NYSIF, soumèt yon nouvo aplikasyon pou depo dirèk, ki disponib nan nysif.com.

Si w chanje kont ou yo oswa ou chanje bank, ou dwe kenbe ansyen kont ou an jiskaske nouvo kont ou an resevwa pwochen peman depo dirèk ou. Si w pa kenbe ansyen kont la, sa ka fè ou jwenn yon reta nan peman jiskaske nouvo otorizasyon depo dirèk ou an vin valab.

VERIFIKASYON DETANZANTAN

NYSIF ka kontakte w detanzantan pou konfime enfòmasyon konsènan kont depo dirèk ou an. Si benefisyè a pa vivan ankò, avèti NYSIF tousuit.

POU RESEVWA AVANTAJ YO NAN DEPO DIRÈK, FIN RANPLI FÒ M SA A NÈT EPI VOYE LI TOUNEN NAN ADRÈS KI MAKE ANBA A. POU JWENN PLIS ENFÒ MASYON SOU DWA OU GENYEN KONSÈNAN DEPO DIRÈK, ALE NAN NYSIF.COM/DIRECTDEPOSIT.

NON (PRENON, DEZYÈM PRENON, NON FANMI):

**NIMEWO REKLAMASYON NYSIF POU
KONPANSASYON TRAVAYÈ:**

ADRÈS LAKAY OU (PA SÈVI AK NIMEWO BWAT POSTAL): _____

VIL: _____ **ETA:** _____ **KÒD POSTAL:** _____

ADRÈS IMÈL OU: _____

TELEFÒN: _____

CHWAZI KONT POU FÈ DEPO DIRÈK (CHWAZI YONN SÈLMAN):

Antre tout enfòmasyon yo, mete nimewo woutaj ou ak nimewo kont bank ou a. Kontakte enstitisyon finansyè w la si ou ta gen bezwen asistans pou konplete seksyon sila a. Non obligatwa: Si ou ta p[refere pataje pèman w lan sou (de) 2 kont labank, ranpli tou 2 chan yo ki lye ak bank lan. Pousantaj ou pataje yo dwe egal a 100 % (Ekzanp, 75 % ale sou kont #1 epi 25 % sou kont #2). Nan ka kote bank ou a ta vin pa disponib ankò, montan yo dwe w la ap vin jwenn ou nan yon chèk an papye.

KONT DEPO DIRÈK #1 (seleksyone kourant oswa epay): Kourant Epay Distribisyon _____ % Chèk

NON ENSTITISYON FINANSYÈ A: _____

NIMEWO WOUTAJ _____ NIMEWO KONT _____

KONT DEPO DIRÈK #2 (seleksyone kourant oswa epay): Kourant Epay Distribisyon _____ % Chèk

NON ENSTITISYON FINANSYÈ A: _____

NIMEWO WOUTAJ _____ NIMEWO KONT _____

SÈTIFIKASYON AK OTORIZASYON DEPOZAN/BENEFISYÈ A

Lè w siyen fòmilè sila a, mwen otorize NYSIF pou l fè pèman bay enstitisyon finansyè mwen site anlè a pou yo fè depo sou kont mwen site a (yo). Mwen sètifye mwen gen dwa resevwa pèman ak tout konpansasyon kontra a, e sikonstans ki te otorize m benefisyè avantaj NYSIF yo pa chanje. Nan ka kote sikonstans yo ta chanje, mwen dwe enfòme NYSIF. Mwen konprann pou m fè yon demand depo dirèk, mwen dwe founi yon adrès imel. A pati soumisyon kandidati mwen an, mwen aksepte pou mwen resevwa tout anons sou adrès imel mwen bay lan.

SIYATI: _____ **DAT LA:** _____

VOYE APLIKASYON OU FIN RANPLI A PA LAPÒ S NAN:

**NYSIF
PO Box 66699
Albany, NY 12206**